



### FÈY ENFÒMASYON SOU TÈS DEPISTAJ KANSÈ NAN GWO TRIP

#### **KALITE TÈS: HSGFOBT = TÈS SAN KI KACHE NAN POUPOU ABAZ GAYAK KI FÈT AK GWO SANSIBILITE (HSGFOBT)**

Nenpòt moun kapab gen kansè nan gwo trip. Li kapab afekte moun nan tout ras ak gwoup etnik. Tès depistaj woutin kapab ede pwofesyonèl swen sante ou la jwenn kansè yo bonè, lè yo pi fasil pou trete. Tès depistaj la ka anpeche kansè, nan jwenn ak retire polip yo oswa boul ki pa nòmal yo nan gwo trip la.

Genyen plizyè opsyon tès diferan pou tès depistaj la. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou la pou ou chwazi tès ki bon pou ou a.

**KIYÈS?** Granmoun ki gen risk mwayen pou gen kansè nan gwo trip yo ka fè yon HSgFOBT. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou la sou risk ou genyen epi pou konnen a ki laj pou ou kòmanse fè depistaj. Si ou gen yon risk elve pou gen kansè nan gwo trip, ou ka bezwen fè depistaj bonè, sinon tès sa a ka pa bon pou ou. Pale sou istwa medikal ou ak istwa medikal fanmi ou avèk pwofesyonèl swen sante ou anvan ou chwazi yon tès. Di li sa si ou gen nenpòt nan faktè risk sa yo:

- ▶ Yon istwa kansè nan gwo trip oswa polip ki ka vin tounen kansè
- ▶ Yon paran, frè oswa sè ki gen kansè nan gwo trip oswa polip ki ka vin tounen kansè
- ▶ Polipoz adenomatèz familyal (FAP, Familial adenomatous polyposis) oswa kansè kolorektal ereditè san polipoz (HNPCC, hereditary nonpolyposis colorectal cancer), yo rele tou sendwòm Lynch
- ▶ Kolik ilserez oswa maladi Crohn

**KISA?** HSgFOBT se yon tès fèt ak pou pou. Yon analiz laboratwa chèche tras san nan pou pou a (sèl).

**KILÈ?** Yo fè tès sa a yon fwa pa ane. Si rezilta yo pa nòmal, ou pral bezwen fè yon kolonoskopi suivi tousuit apre.

**KI KOTE?** Ou fè tès sa a lakay ou.

**POUKISA?** HSgFOBT a detekte siy kansè nan gwo trip ak nan dèyè. Li kapab detekte tou kèk polip, ki se boul ki kapab vin tounen kansè pi devan.

**KIJAN?** Ou ka gen yon rejim ki limite kèk jou anvan tès la. Ou pral jwenn yon tisak nan men pwofesyonèl swen sante ou la ki gen enstriksyon sou fason pou pran yon echantyon pou pou nan twa (3) sèl youn apre lòt ou ap kolekte nan yon resipyan ki pwòp. Gras ak aplikatè nan tisak la, ou ap pase yon pati nan pou pou a sou mòsovit la oswa kat tès ki nan tisak la. Ou ap voye kit la nan laboratwa a nan kourye lapòs pou yo analize li oswa ou ap remèt tès la nan klinik pwofesyonèl swen sante ou la. Pwofesyonèl swen sante ou la pral pale sou siyifikasyon rezilta tès yo avèk ou.

**ÈSKE TÈS LA GEN RISK?** Tès sa a gen kèk risk. Ou ka gen enkyetid sou rezilta tès la. Pafwa, yon HSgFOBT ede detekte kansè a bonè. Lòt fwa yo, yon rezilta HSgFOBT p ap nòmal, men rezilta yon kolonoskopi suivi ap nòmal. Pale sou risk ak avantaj yo avèk pwofesyonèl swen sante ou la.

## KI TÈS DEPISTAJ KI BON POU OU?

## KALITE TÈS

### DIFERANS KI GENYEN NAN TÈS DEPISTAJ KANSÈ GWO TRIP LA

#### REZILTA TÈS LA

	KOLON-OSKOPI	FIT*	HSgFOBT*	FIT-DNA*
Kapab detekte kansè nan gwo trip	✓	✓	✓	✓
Kapab anpeche kansè nan gwo trip	✓	*	*	*
Li mande yon tès suivi (kolonoskopi) si rezilta yo pa nòmal	—	✓	✓	✓

#### PWOSESIS TÈS LA

Ou fè tès sa a lakay ou	—	✓	✓	✓
Li mande ou pou manyen pou pou (sèl)	—	✓	✓	✓
Ou fè tès la yon fwa pa ane	—	✓	✓	—
Ou fè tès la yon fwa chak twa (3) ane	—	—	—	✓
Ou fè tès la yon fwa chak dis (10) ane	✓	—	—	—
Yon pwofesyonèl swen sante fè tès sa a nan yon klinik oswa lopital	✓	—	—	—
Li mande yon rejim espesyal alavèy	✓	—	—	—
Li ka mande yon restriksyon rejim kèk jou anvan	—	—	✓	—
Yo souvan bay anestezi anvan	✓	—	—	—
Se yon pwosedi pou gade anndan gwo trip la	✓	—	—	—
Li gen yon risk pou gen konplikasyon ki ra tankou pèforasyon oswa senyman nan gwo trip.	✓	*	*	*
Li mande pou yon moun akonpaye ou lakay ou	✓	—	—	—

\*Si tès sa a montre rezilta ki pa nòmal, y ap bezwen fè plis tès gras ak kolonoskopi. Si kolonoskopi suivi a detekte boul oswa polip ki pa nòmal, retire yo kapab ede anpeche kansè.

#### DEFINISYON YO:

FIT = tès iminochimik nan pou pou

HSgFOBT = tès san ki kache nan pou pou abaz gayak ki fèt ak gwo sansibilite

FIT-DNA = tès ADN nan pou pou ki gen plizyè sib

**KOTE POU FÈ YON TÈS KANSÈ NAN GWO TRIP:** Pale ak pwofesyonèl swen sante ou la pou pwograme yon depistaj.

**PEMAN:** Pifò plan asirans yo, tankou Medicaid ak Medicare, garanti tès depistaj kansè nan gwo trip pou moun ki gen risk mwayen yo apati laj 50 lane. Si ou genyen ant 45 ak 49 lane, pwoteksyon pou tès depistaj la varye. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou la sou risk kansè nan gwo trip la epi ak konpayi asirans ou an sou zafè pwoteksyon anvan ou fè tès depistaj ou a. Si ou pa gen asirans, ou ka kalifye pou ou enskri nan pwoteksyon ki pa chè oswa ki gratis ti cheri. Ou kapab jwenn asirans gratis ti cheri, fas-a-fas lè ou enskri pou yon plan: Rele **311** oswa voye tèks **CoveredNYC** bay **877877**.

**Moun New York ki pa gen asirans yo ka kalifye pou tès depistaj ki pa chè oswa ki gratis.**

**Pou ou jwenn plis enfòmasyon sou kansè nan gwo trip ak opsyon tès depistaj yo, ale sou [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche "colon cancer" (kansè nan gwo trip).**